



Investigasyon Entèn

Nimewo Politik la: RP-26-01

Dat Li Pibliye: 8 Jiyè, 2026

Dat Li an Vigè: 17 Novanm, 2026

Aplikabilite: Tout Pwogram Rezidansyèl Ki Gen Lisans

ENFÒMASYON DEBAZ

Lè gen yon ensidan grav ki rive nan yon Pwogram Rezidansyèl, sa ki enkli lè gen yon akizasyon zak abi, règleman Depatman Edikasyon ak Swen/Gadri pou Timoun Piti (EEC) egzije pou pwogram nan fè yon ankèt entèn pou bay yon evalyasyon apwofondi sou ensidan an, sa ki enkli ladan l kòz ensidan an, moun ki enplike yo, ak aksyon korektif ki dwe pran yo. Apre sa, yo pataje ankèt entèn yo ak EEC epi EEC revize yo. Atravè politik sa a, EEC ap chèche klarifye pou pwogram yo sikonstans ki mande yon ankèt entèn ak pwosedi pwogram yo dwe genyen an plas pou mennen ankèt/envestigasyon sa yo.

OTORITE

- 3.04(3)(f): Moun ki gen lisans lan dwe devlope epi swiv pwosedi pou mennen investigasyon entèn nan pwogram nan.

DEKLARASYON SOU POLITIK LA

Yon pwogram rezidansyèl ki gen lisans EEC dwe fè yon ankèt entèn lè:

- Yo rapòte yon ensidan bay Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) dapre M.G.L. chapit 119, seksyon 51A, kèlkeswa si rapò a sibi yon pre-verifikasyon pouf è DCF fè yon investigasyon.¹

¹ Dapre 606 CMR 3.04(5)(d)(2), nenpòt manm pèsònèl ki sispèk pou abi oswa neglijan potansyèl dwe imedyatman retire nan kontak san sipèvizyon ak rezidan yo. Tanpri gade paj EEC la. [Règleman sou Retire ak Retounen Anplwaye ki Sispèk de Abi oswa Neglijans](#) pou plis detay.

- Yo fè yon rapò bay Komisyon Pwoteksyon Moun ki gen Dezabilite/Twooub (DPPC) dapre M.G.L. chapit 19C.²
- Yon ensidan rive ki pa rapòte bay DCF oswa DPPC men ki toujou souve enkyetid sou sante ak sekirite epi ki mande pou fè notifikasyon bay EEC, sa ki enkli ladan men pa limite a:
 - Nenpòt blesi grav;
 - Yon maladi grav ki ka pa t resevwa bonjan swen medikal;
 - Yon gwo dezòd yon rezidan nan yon etablisman fè;
 - Yon dife oswa yon lòt ijans ki mande evakyasyon ak/oswa ki mande pou chèche yon lòt kote pou abri.

Règleman ak Pwosedi pou Envestigasyon Obligatwa

Moun ki gen lisans yo dwe devlope epi swiv pwosedi pou fè investigasyon entèn nan pwogram nan. Pwosedi sa yo dwe apwouve pa EEC epi yo dwe enkli ladan:

1. Dispozisyon pou kominike ak kowòdone ak EEC, DCF, DPPC, ak lòt antite ekstèn ki otorize pou mennen investigasyon anvan yo kòmanse nenpòt investigasyon entèn;

- Moun ki gen lisans lan dwe konsilte ak EEC anvan li kòmanse investigasyon entèn li, chak fwa EEC oswa nenpòt lòt ajans ekstèn ap mennen investigasyon sou ensidan an tou.
- Nan ka yon ajans investigasyon ekstèn mande yon founisè pou retade aktivite investigasyon entèn li yo, lisansye a dwe kolabore ak enfòmè EEC sou demann sa yo.

2. Delè pou mennen ak konplete investigasyon yo;

- Envestigasyon entèn yo dwe fini pou asire sekirite rezidan yo, pwoteje dwa tout pati ki enplike yo, epi minimize deranjman nan pwogram nan. De (2) semèn se yon estimasyon apeprè pou anpil investigasyon entèn; sepandan, yon investigasyon konplèks ki enplike plizyè ajans, anpil entèvyou, ak dokimantasyon ki pi elaji ka mande plis tan.

3. Fòm estanda pou itilize pou rapò investigasyon yo;

² Dapre 606 CMR 3.04(5)(d)(3), nenpòt manm pèsònèl ki sispèk pou abi oswa neglijans potansyèl dwe imedyatman retire nan kontak san sipèvizyon ak rezidan yo. Tanpri gade paj EEC la. [Removal and Return of Staff Suspected of Abuse or Neglect policy](#) pou plis detay.

- Apre yo fin revize prèy yo, envestigatè pwogram nan dwe ekri yon rapò ki:
 - deklare akizasyon yo;
 - dekri aktivite envestigasyon yo;
 - detaye rezilta yo; epi
 - dekri nenpòt aksyon korektif lisansye a pran, sa ki enkli rekòmandasyon pou anpeche ensidan menm jan an rive ankò alavni.
- Rapò sa a, ak nenpòt dokiman, enkli siveyans videyo oswa odyo ki kolekte oswa pwodui pa moun ki gen lisans lan oswa pa manm anplwaye yo, dwe mete disponib pou EEC epi yo ka revize yo kòm yon pati nan aktivite ankèt EEC yo.

4. Pwosesis pou deziyen moun ki responsab pou mennen envestigasyon an;

- Envestigasyon entèn nan dwe fèt pa moun ki pa enplike nan ensidan an ditou epi ki kapab egzamine reyalyte ki antoure evènman an yon fason objektif. Moun sa yo ka enkli yon administratè ajans, yon ekip anplwaye, oswa yon konsiltan ekstèn.
- Envestigatè a dwe entèvyouve tout moun ki enplike ak temwen yo endividyèlman epi dwe kolekte tout dokiman ki enpòtan, tankou deklarasyon ki siyen, rapò ensidan, rapò medikal, antre nan rejis, dosye rezidan yo, ak dosye anplwaye yo.

5. Pwosesis pou revize rapò envestigasyon an ak pou pran aksyon korektif;

- Lè yo fin pran yon desizyon, moun ki gen lisans lan dwe revize sikonstans ki te antoure ensidan an, adrese nenpòt non-konfòmite, epi idantifye kijan pwogram nan pral anpeche ensidan sa yo rive ankò alavni.

6. Yon plan ekri pou anplwaye a depoze yon rapò kont abi oswa neglijan ak DCF, dapre M.G.L. c. 119, § 51A, oswa ak DPPC, dapre M.G.L. c. 19C. Anplis de sa, pou anplwaye pwogram k ap sèvi jèn paran yo, plan an dwe enkli ladan l direktiv pou rapòte abi oswa neglijan timoun sibi nan men jèn paran yo ak abi oswa neglijan sou jèn paran ki poko gen 18 an nan men moun k ap okipe yo a;

- Nan tout ka akizasyon oswa blesi grav ki fèt akòz de yon agresyon agresyon fizik ak seksyèl yo rapòte bay lapolis oswa bay Biwo Pwokirè Distri a, moun ki gen lisans lan dwe konsilte ajan EEC ki responsab lisans pwogram nan anvan li kòmanse yon ankèt entèn. fizik ak seksyèl
Lè yo rapòte sa bay lapolis oswa Biwo Avoka Distri a, moun ki gen lisans lan dwe konsilte ak lisansè EEC pwogram nan anvan ou kòmanse yon investigasyon entèn
- Plan sa a dwe enkli ladan l pou fè EEC konnen, jan sa nesesè dapre 606 CMR 3.04(3)(g).

Notifye/Avèti EEC

Dapre 3.04(5), lè yo aprann gen yon akizasyon oswa yon ensidan grav nan swen /gadri rezidansyèl, moun ki gen lisans lan, chèf administratif li a, oswa yon moun li deziyen dwe notifye EEC imedyatman epi pa pran plis tan pase 24 èdtan apre avi a oswa evènman an, lè yo antre dosye a nan Pòtal EEC LEAD la. **Si dosye a enplike lanmò, evakyasyon, oswa yon evènman ki gen gwo pwofil/medya, moun ki gen lisans lan dwe rele Biwo Rejyonal EEC la tou.**

KONFÒMITE

Si yo pa soumèt dokiman ki montre yo fin fè yon investigasyon entèn nan ka kote sa nesesè, sa ka lakòz yon sitasyon pou non-konfòmite ak règleman EEC an.

ENFÒMASYON ADISYONÈL

Pou plis enfòmasyon sou egzijans EEC yo lè gen akizasyon abi oswa neglijan kont manm anplwaye yo, tanpri gade paj EEC a. [Règleman sou Retire ak Retounen Anplwaye ki Sispèk de Abi oswa Neglijan](#).

EKSPIRE

Pou pwogram rezidansyèl ki gen lisans, politik sa a ranplase ansyen politik Investigasyon Entèn EEC la ki te pibliye 14 Me 2026 la.